

# Elijiblite Kandida

## Kiyès ki eligib pou kandida pou plas?

Tout manm y ap eli pou Konsèy edikasyon dwe paran oswa responsab legal yon elèv k ap patisipe nan yon lekòl oswa yon pwogram Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) finanse. Lòt kondisyon anplis varye dapre chak konsèy:

- **Konsèy edikasyon kominote (CEC):** Pitit ou a dwe yon elèv ki nan Pre-K rive jiska 8yèm ane ki kounye a nan yon lekòl distri nan distri lekòl kominote kote ou vle sèvi nan CEC a. Si pitit ou a patisipe nan yon pwogram Distri 75 (D75) nan distri jewografik CEC a, ou kalifye tou pou yon plas D75 ki rezève pou sa.
- **Konsèy Vil la pou lekòl segondè (CCHS):** Pitit ou a dwe kounye a nan yon lekòl segondè leta ki pa yon lekòl charter nan Vil Nouyòk. Chak borough gen yon eleksyon separe; se kote lekòl pitit ou a ye ki detèmine pou ki bilten vòt ou kalifye.
- **Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang anglè (CELL):** Ou dwe genyen yon timoun yo klase kòm yon Elèv k ap aprann lang angle (ELL) ki nan yon pwogram NYCPS doub lang, Edikasyon bileng pou tranzisyon, oswa Angle kòm yon nouvo lang (ENL) kounye, oswa ki te nan yon pwogram konsa nan espas dezan ki sot pase yo.
- **Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal (CCSE):** Ou dwe genyen yon timoun ki gen yon Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) kounye ak ap resevwa sèvis NYCPS finanse nan yon lekòl leta, yon lekòl charter oswa yon lekòl prive.
- **Konsèy Vil la pou Distri 75 (CCD75):** Ou dwe genyen yon timoun ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75. Sa a tou kalifye ou pou kandida pou CEC nan distri kote lokal pwogram pitit ou a ye.

## Ki lè yo detèmine si w kalifye?

Yo detèmine elijiblite pou **tèm 2025–2027** la depi nan dat ou voye aplikasyon w lan.

- **CEC ak CCHS:** Ou ka fini tout tèm dezan an, menmsi pitit ou a pa nan yon lekòl ki kalifye w ankò.
- **CELL, CCSE, ak CCD75:** Ou dwe demisyone si pitit ou a pa kalifye ankò kòm yon ELL (CELL), pa gen yon IEP (CCSE) ankò oswa si li pa ale nan yon lekòl D75 ankò (CCD75).

## Kiyès ki PA elijib pou sèvi nan yon Konsèy edikasyon?

Anplwaye NYCPS, pifò ofisyèl piblik yo eli yo, ak manm Komite pou règleman edikasyon pa kapab sèvi nan konsèy. Si ou tonbe nan kategori sa yo, ou ka kandida pou yon plas men ou dwe chwazi ant wòl ou ye kounye a ak sèvi nan yon konsèy si yo eli ou. Kapab gen lòt restriksyon; gade Règleman Chanselye D-140-170 a ([schools.nyc.gov/VolumeD](https://schools.nyc.gov/VolumeD)).

[schools.nyc.gov/Elections2025](https://schools.nyc.gov/Elections2025)

[f](#) [@](#) [X](#) [v](#) /nycschools

T-37736 (Haitian Creole)

Pou plis enfòmasyon sou kondisyon elijiblite, tanpri ale nan [schools.nyc.gov/Elections2025](https://schools.nyc.gov/Elections2025). Si w gen nenpòt lòt kesyon, tanpri kontakte [Elections2025@schools.nyc.gov](mailto:Elections2025@schools.nyc.gov).

# Lis bagay pou kandida yo fè

## JANVYE- FEVRIYE 2025

### Peryòd aplikasyon

- Ou dwe genyen yon Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA) sou non w ak tout pitit ou yo konekte ladan pou ka kandida ak vote pou yon plas nan yon konsèy.** Pou aprann kòman pou enskri pou yon nouvo kont ak ajoute elèv, ale nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA).
- Jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy edikasyon:** Patisipe nan yon reyinyon konsèy lokal, pale avèk manm aktyèl yo, epi revize Gid eleksyon konsèy edikasyon kominote ak Vil la pou aprann plis sou sa pou fè pou vin yon manm.
- Detèmine elijiblite ou pou konsèy ou vle kandida pou li a:** Tout manm yo eli nan Konsèy edikasyon yo dwe se paran oswa responsab legal yon elèv ki kounye a nan yon lekòl oswa yon pwogram NYCPS finanse. Li Gid elijiblite kandida yo pou kondisyon espesifik pou chak konsèy. Yon fwa ou kòmanse aplikasyon w lan, NYCSA pral otomatikman detèmine konsèy ou elijib pou yo.
- Ekri yon deklarasyon kandida tou kout:** Deklarasyon pèsonèl yo pa obligatwa, men nou ankouraje sa anpil. Yo pral pibliye deklarasyon pou votè yo epi deklarasyon yo se yon bon fason pou konekte avèk votè yo!
- Voye fòm aplikasyon w lan ale:** Ou ka ranpli aplikasyon an limenm nan 5-10 minit.

## FEVRIYE - AVRIL 2025

### Fowòm ak kanpay kandida

- Pale avèk kominote w la sou rezon ki fè yo ta dwe eli w. Kandida yo ka:
- Patisipe nan Fowòm kandida vityèl pou konsèy w ap kandida pou yo a—sa yo se aktivite kanpay NYCPS sipòte sèlman.
  - Kontakte moun ki posib pou vote yo atravè lis distribisyon imèl, medya sosyal, lapòs, blog, oswa sitwèb.
  - Ekri atik, editoryal, oswa afich blog, k ap ede w fè pwomosyon pou opinyon ou konsènan pwoblèm edikasyon.
  - Pèmèt fanmi ak zanmi pou fè volontè pou ede w fè pwomosyon pou kanpay ou.
  - Distribye feyè ak materyèl kanpay nan lokal piblik nan katye w.
- Asire w ke w rete konsistan avèk kondisyon yo ladan:
- Yo **pa** pèmèt okenn kanpay oswa piblisite sou pwopriyete NYCPS.
  - Anplwaye NYCPS ypa gen dwa ede nan kanpay yo.
  - Kandida pa ka aksepte andòsman politik oswa kontribisyon.
- Sonje kenbe yon dosye (egzanp resi oswa fakti) sou lajan ou depanse nan kanpay ou a. Kandida pa ka depanse plis pase \$500.

## Aprè sa: Rezilta vòt ak eleksyon

Paran pral vote pou tout 357 syèj manm konsèy yo avan 13 me 2025. Yo pral anonse rezilta yo nan mwa jen. Manm yo eli yo pral sèvi manda dezan soti 1ye jiyè 2025 rive 30 jen 2027